

10 me 2019



Chè fanmi,

Sante ak byennèt elèv, fanmi, ak estaf Vil Nouyòk se premye priyorite pou Depatman Edikasyon, epi nou ta renmen pataje kèk enfòmasyon enpòtan avèk ou osijè de (2) ka lawoujòl ki parèt dènyèman pamí elèv lekòl leta nou yo. Elèv sa yo pat ale lekòl pandan yo te gen enfeksyon an, epi elèv pat gen risk pou yo te pran lawoujòl pandan yo lekòl la. N ap pataje enfòmasyon sa a jis pou nou pran anpil prekosyon ak pou raple w règleman nou sou vaksinasyon.

Vaksinasyon se pi bon fason pou prevni lawoujòl. Nenpòt moun ki te déjà resevwa de dòz vaksen Lawoujòl, Malmouton, ak Ribeyòl (Measles, Mumps, and Rubella, MMR) la gen pakèt chans pou yo pa pran enfeksyon sa a. Pou kounye a, risk pou elèv nan pwogram nou yo toujou rete byen ba paske anpil elèv vaksine.

Kòm yon rapèl, Lwa sante piblik eta Nouyòk ak Kòd sante Vil Nouyòk mande pou tout elèv, eksepte sa ki gen egzanpsyón yo apwouve yo, pran vaksen oswa montre yo gen iminite pou lawoujòl pou yo ka ale nan pwogram yo. Ou ka wè vaksen ki obligatwa pou lekòl yo nan [www.schools.nyc.gov/immunization](http://www.schools.nyc.gov/immunization), oswa ale sou [www.nyc.gov](http://www.nyc.gov) epi chèche "vaksen ki obligatwa" ("immunization requirements").

Lawoujòl se yon enfeksyon ou pran apati yon virus ki koze lafyèv ak gratèl. Pamí konplikasyon ou ka genyen avèk enfeksyon sa a, gen nemoni, anflamasyon sèvo, ospitalizasyon ak menm lanmò. Se yon enfeksyon ki kontajye anpil epi nenpòt moun ki pa vaksine kont virus la kapab pran l a nenpòt laj. Jou 9 avril la, Komisè sante a bay lòd pou chak adilt ak timoun ki abite oswa ap travay nan zòn kòd postal (ZIP codes) 11205, 11206, 11211 ak 11249 epi ki pat resevwa vaksen MMR la, pou y al vaksine.

Nou ankouraje w pou asire tout manm fanmi w resevwa vaksen kont lawoujòl. Si w pa fin asire si ptit ou a déjà resevwa vaksen an, tcheke ajan medikal ptit ou a pou konfime yo te resevwa vaksen an oswa yo iminize kont lawoujòl. Pou jwenn enfòmasyon sou kote ptit ou a ka pran vaksen, tanpri rele 311.

Roger Platt, MD  
Direktè Jeneral  
Biwo Sante Lekòl  
Depatman Edikasyon NYC

